Цæйут, æфсымæртау, раттæм нæ къухтæ
Абон кæрæдзимæ, Иры лæппутæ!..

Цæгат Ирыстоны республикон адæмон газет
Республиканская народная газета Северной Осетии

РÆСТДЗИНАД

№135 (26587)

Газет цæуын райдыдта 1923 азы 14 мартъийы – газета издается с 14 марта 1923 года

2026 азы 30 июль – сусæны мæйы 30 бон, цыппæрæм

Аргъ 10 сомы

www.rastdzinad.ru
vk.com/club217633221
https://max.ru/id1504031916_gos

КÆСУТ НОМЫРЫ:

2 АХУЫРАД
Семинары архайдтой

3 НÆ ФАРНЫ УИДÆГТÆ
Задæлеск

4 СПОРТИВОН ФИДИУÆГ
Тхэквондо

Пресс-конференци

Фæндæгтæ – республикæйы уавæры æвдисæн

«Раджы дæр æмæ ныр дæр комитеты архайды сæйраг нысан у, нæ республикæйы фæндæгтæ æдас æмæ æнцонвадат куыд уой, уыцы хъуыддаг», – ацы ныхæстæй райдыдта журналисттимæ фембæлд РЦИ-Аланийы Фæндæгты хæдзарады комитеты сæрдар СОЛИТЫ Тариэль.

Æнæбафиппайгæ нæй, афæдзæй-афæдзмæ æнцонвадатдæр кæй кæнынц нæ фæндæгтæ. Республикæйы разамынд иудадзыг йæ хъус дары ацы фарстамæ. Федералон æмæ регионалон бюджеттæ æххуысæй арæзт æмæ цалцæггонд цæуынц, æхсызгонæй сæ пайда кæнынц куыд фæндаггонтæ, афтæ шофыртæ дæр.

Уацхæсджыты фарстытæн дзуапп дæтгæйæ, комитеты сæрдар загъта, ныртæккæ æнæрлæугæйæ кæй цæуы Æрхонкæйы станицæйы иувæрсты фæндаджы арæзтад.

– Уый махæн фыццаградон куыст у – транзитон транспорт нæ уынгтæй ракæнæм, цæмæй фæндаггон фыдбылызтæ æрцæуынæй тæссаг ма уа. Ныридæгæн уал адæмæн лæггад кæнынц Цыкола æмæ Мичурины иувæрсты нырыккон автомобилон фæндæгтæ. Станицæйы иувæрсты фæндаджы арæзтад райдыдта 2025 азы, уыцы хъуыддагыл федералон æмвæзады бакуыста нæ республикæйы Сæргълæууæг Сергей Меняйло, Уæрæсейы Транспорты министрад æмæ «Росавтодор»-имæ ныхасгæнгæйæ. Ног фæндагæн йæ дæргъ уыдзæн 16,6 километры, уыдзæн дзы цæугæдоны сæрты хид дæр. Ацы аз фæндаджы хицæн хæйттæ байгом уыдзысты, æнæхъæнæй та объект сцæттæ уыдзæн 2027 азы кæронмæ. Æппындæр ницы къуылымпытæ ис арæзтады. Цы хуымзæххытыл ацæудзæн фæндаг, уыдоны хицæуттæ, закъонмæ гæсгæ, компенсаци райстой, – загъта Солиты Тариэль æмæ бафтыдта, Фæндæгты хæдзарады комитет у хицауиуæггæнæг оргæн, не стыр хæс у, кæм æмæ куыд арæзт цæуынц фæндæгтæ, куыд хардзгонд цæуынц паддзахадон фæрæзтæ, уымæ цæст дарын, йæ проектæй райдай æмæ йе сцæттæйы онг.

Подрядон куыстуæттæ ифтонг сты нырыккон сæрмагонд техникæйæ, ис нæм дæсны специалисттæ. Цалдæр асфальтгæнæн заводы фæсарæйнаг кусæнгæрзтимæ уадзынц хæрзхъæд продукци.

Рохуаты журналисттæй нæ баззад хæххон фæндæгты уавæр дæр.

– Цæгат Ирыстонмæ цæуы бирæ туристтæ. Дисы сæ æфтауы нæ æрдзы рæсугъддзинад, фæлæ уазæг, фыццаджыдæр, аргъ скæны фæндæгты уавæрæн. Национ проект «Инфраструктурæ цардæн»-мæ гæсгæ, туристон бынæттæм, историон хæзнатæм бацæуынæн сарæзтой 140 километры бæрц фæндæгтæ. Ацы азы программæмæ бахастам, автомобилон фæндаг «Джызæл-Хъæрмæдон-Дæргъæвс-Дзуарыхъæу»-ы 22 километры бындурон рацарæзт. Хохы Санибайы хъæу рæстæгимæ заууатмæ æрцыд, нæ йæм уыд хуызæнæн фæндаг. Фæлæ ныр Ирыстоны кæмттæ баиу кæндзæн, цы ног фæндаг аразынц, уый. Комбæсты райрæзтæн уый æнæмæнг хъуыддаг у.

Иннæ фарста баст уыдис Дзæуджыхъæуы иувæрсты цæуæг фæндагимæ.

– Мах стæм транзитон республикæ. Бирæ рог æмæ уæзласæн машинæтæ цæуы сыхаг республикæтæм, Фæскавказмæ. Ацы фæндаг æхсызгон хъæуы республикæйы. Фидæны 2027 азы сцæттæ уыдзæн. Мæхæдæг ыл ацыдтæн, сæйрагдæр амаддзæгтæ æмæ хидтæ сты цæттæ, электрон тыхы цæджындзтæ ма рацаразын хъæуы. Уыдзæн рæсугъд, æнцонвадат фæндаг. Нæ республикæйы ис 174 хиды, æмæ сæ уавæрыл дзуапдæттæг у Фæндæгты хæдзарады комитет. Уыдонæй 44 хиды бындурон цалцæггонд æрцыдысты, иннæтæ сты зæрдæхсайгæ. Цæмæй хид цалцæг кæнын райдайæм, уымæн хъæуы цæттæгæнæн, сбæлвырдгæнæн куыстытæ бакæнын. Зæгъæм, «Цæнгæт» хид 2027 азы куысты пъланмæ хаст æрцыд. Хæстæгдæр рæстæг проектон-сметон гæххæттытæ сцæттæ уыдзысты. Подрядон куыстуат куы сбæрæг уа, уæд профилон куыстуæттимæ бадзырдтæ бафыссдзысты, – загъта Солиты Тариэль, фарстайæн дзуапп дæтгæйæ. Куыд фæнысан кодта, афтæмæй горæты хидтæ, сæ алыварс зæххы хæйттимæ, иугай лæвæрд цæуæдзысты республикæйы балансмæ.

Пресс-конференцийы ма ныхас цыдис æндæр фарстатыл дæр.

ГУГКАТЫ Жаннæ,
къам систа
Татьяна ШЕХОДАНОВА

Парламентон бастдзинæдтæ

Уазджытæ – Уралæй

Парламентты ‘хсæн бастдзинæдтæ фидар кæнын æмæ, закъонæвæрынадон къабазы кæмæ цы фæлтæрддзинад ис, уыимæ кæрæдзи зонгæ кæнын сты уæрæсейаг регионты райрæзты ахсджиаг фæрæз.

Уыцы нысанимæ Цæгат Ирыстонмæ æрцыдысты уазджытæ Челябинскæй. Нæ республикæмæ сæ кусæг балцы нысан у дыууæ субъекты закъонæвæрынадон оргæнты ‘хсæн бастдзинæдтæ рапарахат кæнын æмæ дардæмгъуыдмæйы ахастдзинæдтæн фидар бындур саразын.

Уралæй нæм чи ссыд, уыдоны ‘хсæн сты Челябинскы облæсты Закъонæвæрынадон Æмбырды сæрдары хæдивæг **Андрей Шмидт** æмæ газет «Танкоград»-ы сæйраг редактор **Сергей Алабжин**. Нæ республикæйы Парламенты номæй сæ суазæг кодта Парламенты Сæрдары хæдивæг **Ортабайты Тимур**. Се ‘хсæн цы ныхас цыд, уым архайдта Парламенты национ политикæ æмæ фæсивæды хъуыддæгты фæдыл комитеты сæрдар **Джиоты Георги.**

Фембæлды архайджытæ æрныхас кодтой иумæйаг истори æмæ дыууæ регионы ‘хсæн культурон-историон бынтæ бахъахъхъæныл, стæй парламентты ‘хсæн бастдзинæдтæ фидардæр кæныныл. Уымæй уæлдай, ныхас цыд регионалон закъонæвæрынады фарстатыл, фæсивæдон политикæ æмæ патриотон хъомылады къабазы иумæйаг проектты æмгустадыл.

Ортабайты Тимур бафиппайдта регионалон закъонæвæрынадон оргæнты ‘хсæн комкоммæ бастдзинæдтæ фидар кæнын дыууæ регионы рæзтæн кæй у ахсджиаг хъуыддаг.

Андрей Шмидт та фысымтæн арфæ ракодта, афтæ зæрдиагæй сыл кæй сæмбæлдысты, уый тыххæй æмæ се ‘мгуыстадæн стыр аргъ скодта.

Фембæлды фæстæ уазджытæ æмæ фæсымтæ æрзылдысты, нæ республикæйы уæлдай бæрæг чи дары, уыцы бынæттыл æмæ дидинджытæ сæвæрдтой ирон литературæйы бындурæвæрæг Хетæгкаты Къостайы цыртдзæвæныл, Советон Цæдисы дыууæ хатты Хъæбатыр Плиты Иссæйы цыртдзæвæныл, бабæрæг кодтой Дзæуджыхъæуы Нымысы аллей æмæ æрымысыдысты Ирыстон хъахъхъæнджыты рухс нæмттæ.

Кусæг балцы культурон программæйы ма уыдысты РЦИ-Аланийы Национ музей æмæ Евгений Вахтанговы хæдзар.

ДЕДЕГКАТЫ Зæлинæ

Наукæ

Ирон æвзаг иртасынæн

Мæскуыйы М.В. Ломоносовы номыл паддзахадон университеты теорион æмæ куыстадон лингвистикæйы кафедрæйы студенттæ æмæ аспиранттæ Цæгат Ирыстоны кæй æххæст кодтой, уыцы радон экспедици кæронмæ ахæццæ.

Ирон æвзаджы грамматикæ, лексикæ æмæ фонетикæ иртасгæйæ, дыууæ къуырийы дæргъы иртасджыты къорд куыста Цæгат Ирыстоны Абайты Васойы номыл гуманитарон æмæ социалон иртасæнты институты.

Экспедицийæн разамынд лæвæрдта амынд университеты теорион æмæ куыстадон лингвистикæйы кафедрæйы доцент, филологон наукæты кандидат, Уæрæсейы Наукæты академийы æвзагиртасынады институты ирайнаг æвзæгты хайады разамонæг **Олег Беляев.**

Цæгат Ирыстоны Хетæгкаты Къостайы номыл паддзахадон университеты ирон филологийы факультеты кусджытæ æмæ студенттæ иртасджытæн стыр æххуыс бакодтой. Цæгатирыстойнæгтæ æвзагзонæг адæймæгты уагæй ныхасы архайдтой, æмæ афтæмæй уыд ирон æвзаг дарддæр иртасынæн æрмæг æрæмбырд кæныны фадат.

Быдырон куыстытæй фæстæмæ, экспедицийы архайджытæ амынд институты наукон библиотекæйы æрмæджытæ иртæстой. Æмбырдгонд æрмæджытæй фæстæдæр пайда кæндзысты ирон æвзаг иртасыны заман.

ЦИПУ-йы
пресс-службæ

Этнофестиваль

Сфæлдыстадон бынтæ æмæ традицитæ бахъахъхъæнынæн

Дзæуджыхъæуы 29 июлæй 2 августмæ ацæудзæн егъау культурон мадзал – IV Æппæтуæрæсеон этнофестиваль «Рон-2026». Сæйрагдæр архайд цæудзæн дыууæ бæрæг фæзуатыл: 29 июлæй 2 августмæ уазджытæм РЦИ-Аланийы Национ музейы равдыстыты залы æнхъæлмæ кæсдзæн равдыст-армукъа (Горькийы уынджы 8-æм хæдзары), фестивалы сæйраг архайд та уыдзæн 2 августы Сæрибары фæзы. Фестиваль арæзт цæуы Президентон фонды культурон хъæппæристы æххуысæй.

Дзæуджыхъæу у, бирæ адæмыхæттытæ хæларæй кæм цæрынц, алыхуызон рагон этнокультурон æгъдæуттæ æмæ традицитæ кæм баиу сты, ахæм горæт. Фондз боны дæргъы нæ горæт йæ дуæрттæ байгом кæндзæн алыхуызон æрмдæснытæ, дизайнертæ æмæ музыканттæн. Уыдон æнгом кæны иу хъуыды, национ бынтæ бахъахъхъæнын æмæ сæ ныры царды дарддæр хæссын.

Этнофестивалы сæйраг хæс у музыкæ, традицитæ æмæ сфæлдыстады иудзинад.

Фестиваль саразыныл бацархайдтой Цæгат Ирыстон æмæ Уæрæсейы Адæмон аивадон æрмдæсныты æмбаладтæ æмæ Дзæуджыхъæуы бынæттон хиуынаффæйады администраци.

Этнофестиваль «Рон-2026»-ы йæ бон архайын у адæмон аивадон æрмдæснытæн, нывгæнджытæн, дизайнертæн, брендтæ æмæ сфæлдыстадон студитæн, ансамбльтæ æмæ музыкалон коллективтæн.

Уæрæсейы адæмты иудзинады аз «Рон-2026» æвдисы нæ бæстæйы адæмыхæттыты культурон хæзнатæ, куыд нæ иумæйаг бынтæ, ахуыр кæны аргъ кæнын нæ бæстæйы цæрæг алы адæмыхæттыты истори æмæ культурæйæн дæр.

Уæдæ цымыдисаг у, æрмдæснытæ цы регионтæй æрбацæудзысты, уый: сæ куыстытæ равдисдзысты æрмдæснытæ Краснодары æмæ Красноярскы крайтæй, Дагестан æмæ Кæсæг-Балхъары республикæтæй, Оренбурджы, Иваново æмæ Саратовы облæсттæй, Стъарапол æмæ Цæгат Ирыстонæй.



Уазджытæ сæхи цæстытæй фендзысты аивадон джиппыуадзынад, хъæдæрмæгимæ куыст, æвзист æмæ æндæр æрмæджытæй ювелирон фæлындæнтæ, фысы цармæй хуыд худтæ, нымæт æмæ сæракæй дзаумæттæ, æрдзон дуртæй арæзт хæзнатæ æмæ афтæ дарддæр. Уæлдай парахатдæрæй æвдыст æрцæудзысты ирон æрмдæсныты куыстытæ: къухæй конд бæгæныйы къустæ æмæ фынгтæ, цыллæ кæлмæрзæнтæ, хæдæттæ, авдæнтæ æмæ æндæртæ.

Æрбацæуæг адæмы уæлдай дисы бафтаудзæн, Цæгат Ирыстоны æрмдæснытæн сæ къухы кæй бафтыд, скифтæй цы гауыз баззад, дыккаг ахæм бауафын. Фыццаг та ис Эрмитажы.

Фестиваль ахицæн уыдзæн стыр Гала-концертæй Сæрибары фæзы.

ХЪОЙБАЙТЫ Галинæ

Дзырды фарн

Адæймаджы цардвæндаг цинтæ æмæ мæстытæй конд у.

ÆМБИСОНД

Боныхъæд

Gismeteo-йы бæрæггæнæнтæм гæсгæ, **30 июлы** нæ уардзæн. Уæлдæфы температурæ – **17-21 градусы хъарм.**

Боны дæргъ — 14,36

Хурыскаст — 04,49
Хурныгуылд — 19,25

Валютæйы аргъ

Доллар — 78,48
Евро — 89,06

12 +

Ахуырад

Семинары архайдтой

Æрæджы Стъараполы крайы Пятигорскы зонындзинæдты центр «Машук»-ы ацæуæг «Летний ПедСовет-2026» семинар-практикумы архайдтой алыхуызон уæрæсейаг регионтæй æрбацæуæг ахуыргæнджытæ.

Семинары архайджыты ‘хсæн уыдысты цæгатирыстойнæгтæ дæр – Алагиры 2-æм астæукаг скъолайы уырыссаг æвзаг æмæ литературæйы ахуыргæнæг **Дзгойты Лауræ** æмæ Алагиры æрбынæттонуæвæг Цæгат Кавказы хъæды хæдзарад æмæ уынаффæйады механизацийы техникумы директоры хæдивæг **Гаглойты Майæ**.

Проект «Уæрæсейы адæмты иудзинад»-мæ гæсгæ, фембæлды архайджытæ канд лекцитæм нæ хъуыстой, фæлæ ма практикон куысты гæнæнтæ дæр бафæлвæрдтой. Сывæллæттæн нæ бæстæйы адæмты æгъдæуттæ амоныны куысты чи фæпайда уыдзæн, цалдæр бонмæ сæвзæрдысты бирæ ахæм сценаритæ æмæ медиапроекттæ. Педагогты ныхасмæ гæсгæ, семинары æппæтæй ахсджиагдæр уыд æмгуыстады æнкъарæн.

– Кæуыл сахуыр дæн, ныр «Машук»-ы фæрцы уыцы хъуыддæгтæм æндæр уагæй кæсын. Сывæллæттæн дæттæм зонындзинæдтæ, зæгъгæ, афтæ хъуыды кæнынал сахуыр стæм, фæлæ ма, бæстæйы фидæны сæвзæрдæн дæр кæй ахъаз кæнæм, «Машук»-ы руаджы уый бамбæрстон. Фидæн райдайы нæ уроктæй, сывæллонимæ куыд ныхас кæнæм, уымæй, – зæгъы Гаглойты Майæ.

– Æртæ боны дæргъы ацæуæг семинар сараздзæн – стыр бузныг. Ирыстонмæ ног зонындзинæдтæй ифтонггондæй æрбаздæхтæн. Ацы зонындзинæдтæй нæ ахуырдзаутæн æхсызгонæй рахай кæндзынæн. «Машук»-ы фæрцы адæймагмæ ног рæсугъд æнкъарæнтæ сæвзæрынц, – загъта Дзгойты Лауræ.

Ахуыргæнджытæ ног ахуыры азы райдианмæ æнхъæлмæ кæсынц.

РЦИ-Аланийы Ахуырад æмæ наукæйы министрады пресс-службæ

Алагиры районæй

Ныхас – куысты бæрæггæнæнтыл

Æмбырд саразгæйæ, Алагиры районы мидхъуыддæгты хайады кусджытæ ацы азы фыццаг æмбисы куысты бæрæггæнæнтæ бахыгътой, стæй фидæны æмгъуыдмæ сæйраг нысантæ сбæлвырд кодтой.

Хайады куысты бæрæггæнæнтæ разындысты мæнæ ахæмтæ. Районы фæзуатыл регистрацигонд фыдракæнды нымæц рауад 207 (ома, ивгъуыд азы фыццаг æмбисимæ абаргæйæ, 23 фыдракæнды фылдæр). Хæцæнгарзы æнæзакъон зилдухимæ баст æргомгонд фыдракæндты нымæц уыд 26. Исбонимæ баст фыдракæндты нымæц æртындæсæй æхсæзы онг фæкъаддæр.

Цæстфæлдахджытæй адæмы хъахъхъæныны хъуыддаг нымад у барадхъахъхъæнджыты куысты сæйраг къабæзтæй иуыл. Рæстæгæй-рæстæгмæ цæстфæлдахджытæй бахизæн мадзæлттæ арæзт кæд æрцæуынц, уæддæр фыдгæнджытæ сæ сайæн митæ нывылдæр кæнынц, адæмæй бирæтæ та æдасдзинады домæнтæ ницæмæ æрдарынц.

Ацы азы æхсæз мæймæ районы æрцæуæг цæстфæлдахæн миты нымæц рауад цыппор цыппар. Наркотиктæ æнæзакъонæй уæй кæныны цауты нымæц рауад æхсæз (ома, фароны фыццаг æмбисимæ абаргæйæ, иу цау фылдæр).

Фембæлды архайджытæ лыггæнинаг фарстатыл бæстон æрныхас кодтой. Хицæн æргом аздæхтæуыд мидхъуыддæгты хайад кусджытæй ифтонг кæныны хъуыддагмæ. Иумæйаг æууæлтæ нæ нымайгæйæ, районы мидхъуыддæгты хайады ис фаг кусджытæ. Ведомствæйы минæвæрттæ ныхасмæ гæсгæ, мидхъуыддæгты хайады кусынц хъуыддагыл æнувыд, дæсны специалисттæ, ног кусджыты æрбахоныны фæдыл куыст та фæбиноныг кæндзысты.

ГÆЗЗАТЫ Зæринæ, Алагиры районы мидхъуыддæгты хайады инспектор

Хъуыддаг

Нысанмæ уæндонæй тырнын

Сæрмагонд æфсæддон операцийы ветеран Руслан КУРБАНОВ балæууыд зокъоты куыстыл. Раздæр уал хъуыддагæн рамбылдта грант, æхцайæ балхæдта хъæугæ ифтонггæрзтæ. Зокъотæ ‘рзайын кæныны куыст байгом кодта йæ хæдзары.

Ныртæккæ уал Руслан æфснайы устрицæйы зокъоты тыллæг, йæ зæрды ис æнахуыр, экзотикон хуызтимæ кусын. Сæрмагонд æфсæддон операцийы ветеран куыд зæгъы, афтæмæй зокъоты куыстмæ йæм æмхицдзинад фæзынд йæ сабидугæй. Йæ мадимæ арæх цыдысты хъæдмæ, зокъотæ æмбырд кодтой, уæдæ сæ хæринаг та бынтон диссаг уыд. Йæхæдæг ма дидинджытæ садзæн бынæтты хæдзары зокъотæ дæр сагъта, мад-иу æм хыл дæр кодта.

Йæ хъуыды кæддæриддæр йемæ уыд, ныртæккæ йæ цард йæхæдæг бахуыдта ацы хъуыддагмæ. Зокъотæй равзæрста вешенкæтæ, ома устрицæйы зокъотæ. Хæдзары бын ныккæнд сцалцæг кодта, цыдæриддæр æй хъуыд, уыдæттæ балхæдта. Зокъотæ зайынц сæрмагонд голджыты, сæ хуылфы цы субстрат ис, уый фæхъæстæ кодтой хоры мицелийæ, зокъоты хуызæй. Уайтагъд дзы фæзынынц хæрынмæ бæзгæ зокъотæ.

Æдæппæтæй – къуыри æмæ æрдæг, стæй уайтагъд зокъотæ сцæттæ вæййынц, цæмæй афтæ рæсугъд æмæ хæрзад уой, уый тыххæй дзы æппæт уавæртæ дæр ис: уымæл уæлдæф, хъарм рухс, сабыр фадæттæ. Тыллæг æмбырд кæнын хъæуы бæлвырд уагæвæрдмæ гæсгæ. Руслан Курбанов куыд зæгъы, афтæмæй устрицæйы зокъотæ лыг кæнæн нæй. Цы къахыл æрзайы, уымæн йæ бон бамбийын у, æмæ æппæт тыллæг дæр фесафдзæн. Уымæ гæсгæ цæттæ зокъо хъæуы æрзилын.

«Ацы хъуыддаджы тагъд кæнæн нæй, арæхстгай æнгуылдзтæй æвналыс зокъойы уидагмæ, иуырдæм æмæ иннæрдæм, кæнæ та йæ сабыргай æрзил æмæ йæ сис. Ныхс æй уазал доны», – зæгъы Руслан Курбанов. Йæ дæсныйады сусæгдзинæдтыл уайтагъд нæ фæхæст, йæ сæрмагонд голджытæ уæд субстратæй хъæстæ уыдысты, фæлæ уæддæр уайтагъд тыллæг нæ раттой. Уæд бавнæлдта уæлдæфы уымæлдзинад аразынмæ, æмæ афтæмæй хъуыддаг бантыст.

Йæ тыллæг уæймæ арвыста, райста æлхæнджыты зæрдæлхæнæн ныхæстæ. Уый æнхъæл нæ уыд, æмæ йæ кæддæры бæллиц йæ къухы бафтдзæн. Сæрмагонд æфсæддон операцийæ сыздæхгæйæ, Руслан хъуыды кодта, кæм балæууа, кæм спайда кæна йæ хъаруйæ. Фарон æрхатыд «Фыдыбæстæ хъахъхъæнджытæ»-йы фондмæ, социалон бадзырд бафысгæйæ, райста райдайгæ амалхъомы æххуыс. «Мæ амалхъомад»-ы центры дæр ахуырад райста.

«Фыдыбæстæ хъахъхъæнджытæ»- йы фонды социалон координатор **Хæдзарæгаты Иринæ** куыд зæгъы, афтæмæй Руслан бæрæг дары нысанмæ тырнынмæ цæттæдзинадæй, æмбары, царды йæ цы хъæуы, уый. «Ахæм ветерантæ дзы ис, æмæ бæргæ февналынц хъуыддагмæ, фæлæ кæронмæ нæ ахæццæ вæййынц. Руслан та йæ фыццаг бавнæлдæй дæр бæрæг дары», – радзырдта фонды кусæг.

Фидæнмæ Русланмæ ис фæндæттæ, хъавы йæ зокъоты бынат фæуæрæхдæр кæнын, суанг уырдæм экскурситæ хонын, зокъоты царды тыххæй сын дзурын. Йæ фæлтæрддзинад æвдисы, хъуыддаг райдайын уыйас зын нæу, сæйрагдæр у нысанмæ уæндонæй тырнын.

ЦОРИТЫ Эльвирæ

Фæлладуагъд

Национ проекты бындурыл

Дыгуры районы пансионат «Урсдон»-ы йæ фæллад чи уадзы, уыцы сæдæгай сабитæн, æнæмæнг, бирæ рæстæг сæ зæрдыл лæудзысты хъæлдзæг, ирд ахорæнтæй фæлыст бонтæ. Ахæм гæнæн та сын фæци, йæ сæйраг нысан, ныййарджытæн æххуыс æмæ рæзгæ фæлтæрæн æмбæлгæ уавæртæ саразын кæмæн у, уыцы национ проект «Бинонтæ»-йы руаджы.

Президенты уынаффæмæ гæсгæ, арæзт национ проект «Бинонтæ» иу кæны сывæллонджын бинонтæн алыварсыг æххуысы мадзæлттæ, уыдонимæ – сабиты æнæниздзинады инфраструктурæйы рæзт.

Дыгуры районы рæсугъддæр бынæттæй иу, алæмæты æрдзы хъæбысы чи ‘рбынат кодта, уыцы пансионат ныр къорд азы дæргъы у, сабитæ æрмæст сæ фæллад кæм суадзынц, ахæм куыстуат нæ, фæлæ ма, се ‘нæниздзинад дæр кæм фæфидардæр кæнынц, ахæм ран. Июнæй сентябры онг ам улæфынц, авд азæй цыппæрдæс азы онг кæуыл цæуы, ахæм сывæллæттæ. Ныртæккæ улæфты афон йæ тæмæны бацыд, æмæ пансионаты уыцы иу рæстæг, республикæ æмæ æфсымæрон Дагестаны донивылдтытæ кæй бахъыгдардтой, уыцы районтæй ис 300 сабийæ фылдæр.

«Урсдон»-ы æрыгон уазджытæ сæ рæстæг куыд æрвитынц? Фыццаджыдæр сын ахуыры ног азы агъоммæ ахъаззаг æххуыс фæуыдзысты сыгъдæг хæххон уæлдæф, æмбæлгæ арвыхъæд æмæ, æнæниздзинадыл хорзырдæм чи сахаддзæн, уыцы минералон суартæ. Программæ у тынг хъæздыг – спортивон хъæзтытæ, ерыстæ, экскурситæ, сфæлдыстадон конкурстæй, изæрæй та сын равдисынц кинонывтæ, саразынц дискотекæтæ.

Уæлдай æргом здæхт у сæ цæрæнуæтты уавæртæ æмæ хæрыны хъуыддагмæ. Цæрынц хъæдын хæрзвадат коттеджты, боны дæргъы сын фондз хатты пайдайаг хæлцы продукттæй конд хæринаг дæттынц.

Ахæм фæлладуагъды уавæртæ æрмæст пансионаты руаджы не сты, уый у егъау паддзахадон программæ. Уæрæсейы Пансионат «Урсдон»-ы фæлтæрддзинад æвдисы, уыцы хъæппæристæ бынæтты куыд кусынц, уый, сæ ахсджиагдæртæй иу – пайдайаг фæлладуагъд сабитæн, ныййарджытæн та сæ зæрдæ не ‘хсайы се ‘дасдзинад æмæ сæ цымыдисаг улæфты рæстæгмæ.

ГАПБАТЫ Алетæ

Номарæн

Комплекс рацараздзысты

Специалисттæ Беслæны номарæн комплекс «Зæдты горæт»-ы сæйраг цыртдзæвæн «Хъыджы бæлас»-ы рацарæзт æххæст кæнын райдыдтой.

Нæ республикæйы Цæрæнуатон-коммуналон хæдзарады министрады бындурон арæзтады управленийы техникон цæстдарды сæйраг специалист **Санаты Феликсы** ныхасмæ гæсгæ, цыртдзæвæны уавæр биноныг раиртасын æмæ йæ ногæй саразынæн специалисттæ цыртдзæвæны уæллаг хай хъавгæйæ систой. Цыртдзæвæны уæллаг хай æнæкъуылымпыйæ сисыны фадат кæй фæрцы уыд, куыстытæ æдасæй баххæст кæнынæн згъæрæй сарæзтой рæстæгмæ ахæм конструкци. Санайы-фырты ныхасмæ гæсгæ, рæхджы специалисттæ цыртдзæвæны дæллаг хай райхалдзысты.

Уыцы иу рæстæг номарæны территорийыл иумæйаг аивгæнæн куыстытæ æххæстгонд цæуынц. Арæзджытæ хæдтулгæты лæууæн бынат ног асфальт-бетон уæлцъарæй бамбæрзтой, стæй дзы 700 метрæй фылдæр æмбондон дуртæ сæвæрдтой. Ныртæккæ уæлмæрдты мидæг фистæг бæлццæтты фæндæгтыл къæйдуртæ сæвæрынæн бындур цæттæ кæнынц, донæй пырхгæнæн системæтæ аразынц, стæй донуадзæн хæтæлтæ ногтæй ивынц. Уымæй уæлдай, уæлмæрдты кæрæтты æрæвæрдæуыд 500 метры ног гранитон къæйдуртæ.

Номарæн комплекс «Зæдты горæт» сног кæныны фæдыл проект æххæст кæнынц паддзахадон программæ «Цæгат Кавказы федералон зылды рæзт»-мæ гæсгæ. Æппæт рацарæзтон уынаффæтæ хæссыны заман æхсæнадон организаци «Беслæны мадæлтæ»-йы хъуыды нымад æрцыд.

РЦИ-Аланийы Цæрæнуатон-коммуналон хæдзарад, артаг æмæ энергетикæйы министрады пресс-службæ

Социалон фондæй

Фыдбылызтæй бахизынæн

Ацы аз Уæрæсейы Социалон фонды цæгатирыстойнаг хайад регионы куыстдæтджытæм фæллой хъахъхъæныны фæдыл мадзæлттæ æхцайæ сифтонг кæнынæн барвитдзæн 11 милуан сомæй фылдæр.

Афæдзы райдианæй нырмæ нæ республикæйы 30 куыстдæттæджы амынд хайадмæ бахатыдысты фæллой хъахъхъæныны фæдыл мадзæлттæ æхцайæ сифтонг кæныны курдиатимæ. Куыстдæтджытæ сæхи фæрæзты хардзæй куыстадон цæфтæ æмæ профессион низтæ фæкъаддæр кæныны фæдыл бахизæн мадзæлттæ æхцайæ ифтонг кæнынц, æмæ фæстæдæр Социалон фонды регионалон хайад конд хæрдзтæ бафиды.

Куыстдæтджытæй программæйы архайыны фæдыл курдиæттæ исынц ацы азы 1 августы онг. Бахатæн ис онлайн-уагæй, науæд та – амынд хайады клиентон службæмæ; курдиат барвитынæй бахизæн мадзæлтты хæрдзтæ бафидыны онг æппæт хъуыддаг арæзт цæуы нымæцон хуызы. Æххæстгонд мадзæлтты хæрдзтæ бафидынæн ныртæккæ нæ республикæйы куыстуæтты 80 проценты пайда кæнынц ног электронон ифтонггæрзтæй.

– Куыстадон цæфтæ æмæ профессион низтæ фæкъаддæр кæнынæн бахизæн мадзæлттæ æхцайæ ифтонг кæныны фæдыл программæмæ бахастой æвддæс мадзалы. Цæгатирыстойнаг куыстуæттæ æмæ компанитæ ацы мадзæлттæй арæхдæр пайда кæнынц мæнæ ахæмтæй: кусджытæ рæстæгæй-рæстæгмæ медицинон иртæстытæ ацæуынц пенсион кары агъоммæ, стæй, æнæниздзинадæн знаггадхæссæг æмæ тæссаг уавæрты чи кусы, уыцы адæм сæхи сдзæбæх кæнынц санаторитæ æмæ курортты, куыстуæттæ индивидуалон хъахъхъæнынады фæрæзтæ æмæ аптечкæтæ балхæнынц, стæй кусджытæ дзæбæхгæнæн хойрагæй ифтонггонд вæййынц, – зæгъы бæстæйы Социалон фонды республикон хайады разамонæг **Милдзыхты Аслан.**

Ивгъуыд азæн куыстуæттæ кæй барвыстой, уыцы фæдзæхстадон фиддонтæй 20 процентæй 30 проценты онг кæй къæпхæн у, алы куыстдæттæгæн дæр уыцы компенсацийы бæрц у хицæн. Сæдæ адæймаджы онг кæм кусынц, чысыл æмæ рæстæмбис бизнесы ахæм куыстуæттæм ис фæрæзтæй æртæ азмæ спайда кæныны бар (раздæры дыууæ азы дæргъы æхцайæ ифтонгады фæдыл кæд нæ бахатыдысты, уæд).

Куыстадон фыдбылызтæй æнæмæнг баххæстгæнинаг социалон фæдзæхстады фæдзæхстадон фиддонтæ афоныл æмæ æххæстæй чи бафиды, исбонады цыфæнды хуызы ахæм кусæндонмæ ис программæйы архайыны тыххæй курдиат барвитыны бар. Куыстуаты архайды къабаз дæр нымад нæу. Амынд курдиат барвитыны бар ис металлургон, хъæууонхæдзарадон, ахуырадон, медицинон æмæ æндæр куыстуæттæм.

Фæрстытæ уæм кæд баззадысты, уæд уæм ис 8-800-100-00-01 телефонæй Уæрæсейы Социалон фонды иумæйаг контактцентрмæ læвар фудзуры бар (УФ-йы Социалон фонды цæгатирыстойнаг хайады линийы куысты фæтк: къуырисæрæй цыппæрæммæ – 9:00 сахатæй 18:00 сахаты онг, майрæмбоны та – 9:00 сахатæй 16:00 сахаты æмæ 45 минуты онг).

УФ-йы Социалон фонды цæгатирыстойнаг хайады пресс-службæ

Нæ фарны уидæгтæ

Задæлеск

Рухс дзæнæты бадинаг Цагъаты Тотрадз бирæ азты уыд «Рæстдзинад»-ы иузæрдион хæлар. Æнæкæрон уарзтæй уарзта йæ Райгуырæн бæстæ, фыдæлты уæзæг. Хорз зыдта рагон хъæуты, уæлдайдæр Дыгургомы цæрæн бынæтты истори, сæ равзæрд, се ‘гъдæуттæ, зонгæ уыд, чи дзы цард, уыцы адæмимæ, уымæн æмæ йæхæдæг дæр уыд уыцы комæй рацæугæ. Йæ бирæ зонындзинæдтæй Тотрадз æнæвгъау æмæ рæдау хай кодта адæмæн, газеткæсджытæн. Ирыстоны хъæуты истори æмæ сæ равзæрды тыххæй цы бирæ уацтæ ныммыхуыр кодта «Рæстдзинад»-ы, уыдонæй иу уыд «Задæлесчы Нанайы таурæгъ». Тотрадз æй сывæллонæй фехъуыста Задæлесчы хъæуы Ныхасы хистæр Бæзиты Саулохæй. Уый ныхæстæм гæсгæ ныффыста «Задæлесчы Нанайы таурæгъ» дæр, æмæ йæ рæстæджы мыхуыргонд æрцыд «Рæстдзинад»-ы. Ныр цы таурæгъ мыхуыр кæнæм, уый дæр кæддæр уыд нæ газеты. Уæдæй абонмæ рацыд дзæвгар азтæ, таурæгъ та у цымыдисаг, адæймаджы бирæ цæуылдæрты ахуыр кæны. Уымæ гæсгæ æрмæджытыл ногæй бакуыстам æмæ семæ зонгæ кæнæм газеткæсджыты абоны фæлтæры.

Дыгургомы рагон заманы Задæлескæй стырдæр хъæу нæ уыд. Берозты Батрадз йæ чиныг «XVIII-XX æнусты ирæттæ хохæй быдырмæ куыд æрлыгъдысты»-йы куыд фыста, афтæмæй 1771 азы Задæлесчы уыд 187 хæдзары. Фæлæ, хъæу куыд равзæрд, чи дзы æрцард фыццаг, цавæр адæмыхатт уыдысты, уый тыххæй нæй нæдæр историон, нæдæр мыхуыргонд æрмæджытæ.

Кæддæр Астæуккаг Кавказы цардысты, ирайнаг чи нæ уыд, ахæм адæмыхæттытæ. Фæндзæм æнусы Дыгургомы цардысты гуннты адæмтæй иу хай – «сабир». Уымæ гæсгæ ком хуыдтой «Сафири ком». Афтæ зæгъы А.Н. Бернштам йæ чиныг «Гуннты историйы очерктæ»-йы (Ленинград, 1951 аз, 174 фарс). Уыцы адæмыхатт цы баисты, ууыл дзурæг æндæр æрмæг нæй.

Цы историон æрмæджытæ ис, уыдонмæ гæсгæ манголы æфсæдтæ æртындæсæм æнусы хæцыдысты Кавказы. Уæззаудæр цæф æрцыд хурныгуылæны ‘рдыгæй цæрæг алантыл, уымæн æмæ уыдон знаджы ныхмæ хæцыдысты уæлдай карздæр. 1222 азы Хан-Батыйæн йæ къухы бафтыд, алантæ бирæйæ кæм цардысты, уыцы хъæутæ æмæ быдыртæ бацахсын. Алантæн æндæр гæнæн нал уыд, æмæ сæхи исын райдыдтой хохы кæмтты мæсгуытæм æмæ уым хæццæ кодтой, сæ размæ дзы цы адæмыхæттытæ цард, уыдонимæ. Фыссæг-этнограф А.Н. Тарасов йæ чиныг «Тимур — Кавказы»-йы куыд фыссы, афтæмæй Тимур 1359 азы стыр æфсадимæ æрбацыд Дербенты комыл. Фæндыд æй йæ рагон знаг Тохтамышимæ схæцын. Терчы былтыл цы алайнаг хъæутæ уыд, уыдон бахаудысты дыууæ æфсады астæу. Адæм сыстадысты Тимуры ныхмæ — стырæй-чысылæй, сылгоймагæй-нæлгоймагæй æмæ бацыдысты мæлæтдзаг тохы. Туг донау ивылд, ирон адæмы гуыппырсартæ сæ кæрдтæй карстой æфсæндзыхты, фæлæ Тимуры æфсады уыд дыууæсæдæ мин адæймаджы, æмæ мæтыхты хуызæн размæ бырстой. Аланты рæнхъытæ тадысты, зæхх мæрдтæй байдзаг. Тæтæртуппы сахары ма æртындæс мин цæрæгæй баззад æхсæз мины, æмæ уыдоны дæр Тимуры æфсæдтæ семæ акодтой уацары. Тохтамышы æфсæдтæн дæр сæ фылдæры фæцагътой. Чи ма дзы баззад, уыдон цæгатырдæм лидзæг фесты. Тимуры æфсæндзыхтæ — сæ фæстæ. Дуне тохы уынæрæй куы ‘рсабыр, уæд быдыртæ, цæст кæдæмты уыдта, уый онг мæрдтæй нал зындысты. Хъæутæ сыгъдысты, фæздæгæй арв батар, мæнæуы хуымтæ анаулиау сау адардтой.

Мæрдты астæу зылди иу сылгоймаг. Кæй агуырдта, чи йын баци мæрдты хай? Терчы донырдæм куы базылд, уæд йæ хъустыл ауад сывæллæтты кæуын. Йæ цыд фæтагъддæр кодта, æмæ йæ размæ фæци сывæллæтты гыццыл къорд. Сылгоймаг йæ дыууæ къухы уæлæмæ систа: «О, Стыр Хуыцау, ма фесаф аланты мыггаг. Ацы сывæллæттæ — де уазæг». Æмæ сæ йæ хъæбысы æрбакодта. Сылгоймаг æмбæрста, ацы ран ма куы баззайой, уæд сын знагæй тæссаг кæй у, уый. Сывæллæтты ракодта йæ разæй Дыгургомы ‘рдæм. Уæд коммæ фæндаг нæма уыд, куыддæртæй бахызтысты Бæгийы æфцæгыл Моргы лæгъзмæ. Сæ размæ фæци лæгæт, æмæ уым æрцардысты. Сылгоймагæн Хуыцау балæвар кодта адæмуарзон зæрдæ, æмæ йæхи снывонд кодта сывæллæттæн, цæмæй аланты байзæддæгтæ фервæзой, ногæй сбирæ уой, æмæ мыггаг ма фесæфа. Дыгургом хъæздыг уыд алыхуызон хъæддаг дыргътæй, æмæ уыдонæй ирвæзын кодта сывæллæтты, нæ сæ бауагъта æххормагæй амæлын.

Иу бон сылгоймаг бафтыд иу хохаг хъæумæ. Ныхасы бадтысты нæлгоймæгтæ. Сылгоймаг æрлæууыд æфсæрмытæгæнгæ, Ныхасы бадæг адæмæн радзырдта, алайнаг адæм куыд бабын сты къуылых Тимуры æфсæдтимæ тохы, йæхæдæг та йемæ куыд ракодта, мæлæтæй ма чи аирвæзт, уыцы сывæллæтты, лæгæты куыд æрцардысты, уыцы хабæрттæ. Сылгоймаджы ныхæстæ, аланты сæфты зæрдæхалæн хабæрттæ Ныхасы бадæг адæмы бафтыдтой стыр сагъæсы. Слæууыдысты тæфæрфæсгæнæгау сылгоймаджы раз.

Таурæгъы куыд баззад, афтæмæй хъæу сывæллæттæн скодтой хæдзар, æмæ сылгоймаг уым семæ æрцард. Бонтæ цыдысты, сывæллæттæ рæзыдысты. Хъæуы цæрджытæ сæхæдæг дæр цардæй рæвдыд кæд нæ уыдысты æмæ зындзинæдтæ æвзæрстой, уæддæр сæм алчидæр хæццæ кодта йе ‘ххуысы хай.

Сылгоймагæн йæ ном нæ баззад, фæлæ, Бæзиты Саулох Текъойты Хъуыбадыйæ куыд фехъуыста, афтæмæй сылгоймагæн йæ мыггаг уыд



Æрцагæстæй. Сывæллæттæ йæ хуыдтой Нана, уымæ гæсгæ йæм хъæуы цæрджытæ дæр дзырдтой Нана. Дзургæ йæм зæронд усы номæй кодтой, фæлæ æрыгон уыд, йæ цæсгомæй хуртæ æмæ мæйтæ кастысты, йæ дыууæ сау æрфыджы — æрдыны хуызæн, йæ цæстытæ — æнæбын денджыз.

Сывæллæттæ сæхиуыл фæхæцыдысты. Хуыцау сæ куысты ‘рдæм фæкодта, æмæ хæдзармæ фарн бонæй-бонмæ донау ивылд. Чи сæ куыд хистæргæнгæ цыд, афтæ сын Нана бинонты хъуыддаг кодта, чызджыты æрвыста чындзы. Æмæ Задæлесчы Нанайы нæртон цот апырх сты Дыгургомы. Нана сын æхсæвæй-бонæй дугъы уади, кæмæн йæ фыдæбонæй æххуыс кодта, кæмæн — йæ фæлмæн ныхасæй. Карк йæ цъиуты йæ базырты бын куыд бакæны, афтæ узæлыд йæ цотыл. Хъæуы цæрджытæ дæр цыдысты Нанамæ — чи йæ зæрдæйы рыстимæ, чи – йæ цинимæ. Стыр мастимæ-иу æм чи æрбацыд, уый дæр фæстæмæ здæхт зæрдæрухсæй.

Уыцы рæстæг хæхбæсты цæрын уыд тынг зын, тыллæг истой дыууæ азы иу хатт, миты зæйтæ-иу ныххафтой зæххы гæппæлтæ. Фæлæ уæддæр адæмæн сæ зæрдæ мæгуыр нæ кодта — сæ цины æмæ зыны дæр Нана, сæ фарсмæ уæвгæйæ, уыдонæн уыд зæрдæлæууæн, ныфс.

Хъæуы цæрджытæ азæйазмæ фылдæр кодтой, æмæ Задæлеск Дыгургомы иннæ хъæутæй дзæвгар стырдæр фæци. Задæлесчы ахæм хæдзар, ахæм бинонтæ нæ уыд, Нанайы рæвдыд, йæ узæлд чи нæ банкъардта. Азтæ цыдысты, Нана æрзæронд. Йæ бон адæмы рæвдауын нал уыд. Æрхæццæ йæ адзалы сахат. Æппæт Дыгургом æрцыдысты Задæлескмæ зæххон дуагæн æгъдау раттынмæ. Æхсæвæйбонæй йæ дæндагæй цырагъ кæмæн дардта, дугъы кæмæн уади, уыцы фæсивæд Нанайы чырын бæрзонд систой æмæ ныззарыдысты «Нанайы зарæг».

Задæлесчы Нанайы амарды фæстæ хъæу баззад сидзæрхуызæй. Фæлæ цард йæ кæнон кæны. Нана кæй схъомыл кодта, уыцы фæсивæд нæ рох кодтой сæ иумæйаг мады æмæ алы аз дæр йæ номыл кодтой дыууæ кæрдзыны. Стæй, рæстæг куыд цыд, афтæ йæ номыл райдыдтой куывд кæнын дæр.

* * *

Задæлесчы цæрджытæн незамантæй баззад зиу кæныны æгъдау. Алкæмæн дæр зæххы хайæн уыд чысыл гæппæл. Хор кæрдын-иу райдыдтой уыцы иу бон, æмæ-иу фæсивæд радыгай карстой хъæуы цæрджытæн сæ хуымтæ. Кæрæдзийæн æххуыс кæныны фæрцы сæ цард рогдæр кодта. Хъымгæнæнты размæ кодтой Цыргъисæны куывд. Скодтой-иу æй, хъæуы фæстæ къæдзæхы цы стыр лæгæт уыд, уым, хуыдтой йæ Зæды дзуар. Раздæр уал-иу Ныхасы равзæрстой куывды уырдыгыстджыты фæсивæды сæрæндæртæй. Уыдон-иу æрзылдысты къусбар хъæуыл, æмæ, йæ бон кæмæн цы уыд, уый-иу ратта. Кусæрттагæн-иу балхæдтой урс гал. Бæгæны фыхта нæлгоймаг, æрмæст дзуарæн йæхи мидæг æрхуыхъусджын аджы, сфыхтой-иу дзы далысы фæхсын, æмæ уыд æлутон. Бæгæны-иу ныффæрсыгътой, стæй-иу æй ныккодтой стыр тъæпæнæджы æнхъизынмæ. Дыууæ-æртæ боны фæстæ-иу бæгæны рафæлдæхтой, æмæ къуыримæ æлутон уыд цæттæ. Куывдæй бон раздæр, къухджындæр цы лæг уыд хъæуы, уый-иу сусæй хъуырæй-иу бæттæн къæбæлимæ æристой æмæ-иу æй æрцауыгътой дзуары къулыл ауындзæныл, стæй-иу райдыдтой кусарт кæнын.

Æз фыццаг хатт дзуары бын уыдтæн, дæс азы мыл куы цыди, уæд. Куы бацыдтæн, уæд æрлæууыдтæн йæ астæу æмæ алырдæм дисгæнæгау кастæн. Лæгæты сæрмæ уыд нæзы аххæрджытæ, йæ сæр — саджы сиутæй æхгæд. Уыцы заман уыд ахæм фæтк: цуанон-иу саг, хъуаз кæнæ домбай куы амардта, уæд-иу ын йæ сæр хъæуы хистæртимæ бахаста дзуармæ. Дзуары къулыл уыд стыр ныв: Уастырджи бады урс бæхыл, йæ къухы — арц, æмæ йæ нытътъыста Руймоны хъуыры. Нывæн йæ фарсмæ — саджы сæр зæгæлтæй хуыд, йæ бынмæ — фæйнæг æмæ йыл фыст: «Ацы саг амардта Цакъоты Хуыймаг 1905 азы». Дзуары мидæг уыд æргъæу аг, йæ сæр — гом. Нæлгоймаг-иу фыццаг хатт куы бацыд дзуармæ, уæд-иу дзы ныппæрста мысайнаг. Дзуары рæбын дыууæ фарсы — бандæттæ, къултыл ауыгъд уыд тæсчъытæ, сæ хуылфы та — галы сыкъатæй конд уидгуытæ, бæгæнынуазæн къустæ. Тæсчъыты рæбын ауыгъд уыдысты фыдистæ, уæхстытæ, хъæдын куыситæ, уымæн æмæ мигæнæнтæ хъæуæй нæ хастой. Æппæт хъæугæ дзаумæттæ дæр уыдысты дзуарæн йæхи мидæг.

Куывды бон нæлгоймæгтæ стырæй-чысылæй бадтысты иумæ. Хистæртæ — иуæрдыгæй, кæстæртæ — иннæрдыгæй. Бадты кæрон-иу уырдыгыстджытæ алы æртæ нæлгоймаджы раз дæр æвæрдтой къус сойджын æмæ хæрзад бæзджын басимæ æмæ сыкъайæ конд уидгуытæ. Уый фæстæ-иу хистæр арфæ ракодта уырдыгыстджытæн, æмæ-иу адæм фæрнджын фынгæй рацыдысты сæ хæдзæрттæм. Уырдыгыстджытæ та-иу бафснайдтой, куывддон дзаумæттæ дæр-иу сæ бынаты сæвæрдтой. Дзуары дуар-иу сæхгæдта хъæуы хистæр. Сылгоймæгтæн дзуармæ мидæмæ цæуыны бар нæ уыд. Чъиритæ-иу кувынмæ куы æрбахастой, уæд-иу уырдыгыстæг рацыд сæ размæ, чъиритимæ тæбæгъ бахаста дзуармæ, чъиритæ æрæвæрдта фынгыл, тæбæгътæ та-иу рахаста сылгоймæгтæн. Уыдон-иу сæ сæртæй ныллæг акуывтой æмæ фæстæмæ хъæумæ аздæхтысты.

Хистæртæй ма таурæгъы хуызы баззад ахæм хабар. Нудæсæм æнусы Задæлескмæ æрбацыд уырыссаг ахуыргонд Уваров йæ бинойнагимæ. Уый æмбырд кодта Кавказы хæххон адæмы цардыл æрмæг. Йæ бинойнаг дзуары хабар куы фехъуыста, уæд æй бафæндыд дзуармæ мидæмæ бацæуын. Фæлæ йын цæрджытæ бамбарын кодтой, сылгоймагæн ахæм бар кæй нæй, уый. Сылгоймаг балхæдта кусæрттаг æмæ минæвар барвыста хъæуы хистæрмæ, цæмæй дзуары бын скува Дыгуры зæдæн. Хистæртæ йын бар раттой æмæ йæ номæй дзуары бын кусарт акодтой. Сылгоймаг куы федта, дзуары цытæ уыд, уый, уæд стыр дисы бацыд æмæ, цыдæриддæр федта, уыдæттæ ныффыста йæ боныджы.

Лæгæты астæу уыд рæхыс ауыгъд. Аг куы ауыгътой, уæд рæхыс йæхæдæг йæхи ‘гъдауæй фæныллæгдæр, цæмæй аг ауындзын æнцондæр уыдаид, афтæ. Рæхысмæ, куыд дзырдтой, уыд ахæм миниуæг: кæд æмæ куывд барст уыд Дыгуры зæдæн, уæд-иу рæхыс йæхи дæлæмæ æруагъта, науæд-иу йæхи уæлæмæ систа. Рæхысы тыххæй ма баззад ахæм таурæгъ. Иу заман — æхсæрдæсæм æнусы — Дыгургоммæ æрбацыдысты шах Аббасы æфсæдтæ æмæ фыццаг æхсæв баззадысты Кеты хъæуы. Дыккаг бон сæ изæр æрбахастой Дыгургомы Моргы лæгъзмæ. Æрфысым кодтой уым Дзуары бын. Ныртæккæ хæлд бын кæй хонынц, уый уыцы заманты уыд лæгъз. Æфсадæй иу къорд ссыд дзуармæ, рафтыдтой рæхыс æмæ йæ рахастой. Дыгургомы зæд уыцы рæстæг уыд балцы æмæ, изæрæй куы æрыздæхт æмæ рæхыс йæ бынаты куы нал федта, уæд ын уыд тынг хъыг æмæ фырмæстæй хох йæ зæвæтæй ныццавта. Уыйадыл хох нызмæлыд, зæхх ралæбырд, æмæ æфсæдтæ йæ быны фесты. Æгасæй ма чи баззад, уыдон та фæлæгъдысты. Абон дæр ма уыцы ран адæм арынц æрдынтæ, æрцытæ, кæрдтæ, алыхуызон згъæр худтæ, четæны скъуыддзæгтæ. Уыцы æрцытæ æмæ æрдынтæй ныр дæр ма бирæ ис Дыгуры зæды лæгæты. Ацы таурæгъ-иу арæх дзырдта Цакъоты Хъæрæсе. Мæ рæстæджы Задæлесчы бирæ цæрæг нал уыд, иу-цыппор хæдзары, фæлæ, хистæртæ куыд дзырдтой, афтæмæй дзы раздæр цард бирæ адæм. Цардысты дзы Цакъотæ, Гæмаонтæ, Текъойтæ, Цагъатæ, Бæзитæ, Хосротæ, уæллаг сыхы та — Хъардантæ æмæ Дзансолтæ. Ноджы раздæр та ма дзы цардысты Абысалтæ æмæ Æндретæ дæр. Абысалтæ сæхи нымадтой уæздæттыл, уымæ гæсгæ сæхицæн домдтой уæлдай æгъдæуттæ: чындз сæ чи куырдта, уый сын хъуамæ радтаид кусæрттаг, чызг сын чи лæвæрдта, уый дæр — афтæ. Фынджы уæлхъус хъуамæ бадтаиккой æппæты сæрæй, сæ номыл хъуамæ уыдаид кадджын сидт. Уыцы уæлдай митæ сын хъæуы кадджындæр лæг Бæзиты Лало нæ хатыр кодта. Абысалтæ йæм сфыдæх сты æмæ йæ амарын кодтой, Лало йæхицæн цы цæцæйнаг фырт скодта, уымæн — Амырханæн.

Æндретæ та фыдæй-фыртмæ иунæг хæдзарæй фылдæр никуы баисты. Задæлескæй ралыгъдысты Дур-Дурмæ, æмæ дзы Цолайы фырт Дземан йæ цотимæ цæргæйæ баззад.

Тохъайтæ нудæсæм æнусы ралыгъдысты Хъобанмæ. Уæвгæ, рагон заманы Дыгургомы хъæуты цæрынæн зын фадæттæ кæй уыд, уымæ гæсгæ адæм быдырмæ лидзын райдыдтой ноджы раздæр — XVI-XVII æнусты. Æрæнцадысты Хæзныдонæй уæлдæр Æрæфы галиуварс Кеты уæрæх æрдузы æмæ хъæу дæр схуыдтой Кет. Ирыстон Уæрæсеимæ куы баиу, уæд Дыгургомы цæрджытæй иутæ ралыгъдысты Мæздæгмæ, иннæтæ – Дур-Дурмæ (уæд æй хуыдтой Тугъанты хъæу). Æмæ хохаг хъæуты, семæ – Задæлесчы цæрджытæ дæр, къаддæрæй-къаддæр кодтой. Фæлæ фæстæдæр Задæлескмæ лидзын райдыдтой хохрæбын хъæутæй, æндæр кæмттæй дæр. Хосроты Саукуыдз æрлыгъд Уæлладжыры комæй, уыд ын фондз фырты: Долæт, Дзастемыр, Сандыр, Гена, дыккаг усæй та — Гугъо. Гугъо уыд Сакъиты хæрæфырт. Куырттаты комæй ралыгъдысты Гуыриаты æртæ æфсымæры: Самур, Хъæлыц æмæ Гæма, Æккæлаты хæрæфырттæ. Хъæлыцæй рантыстысты Хъæлыцтæ, Гæмайæ — Гæматæ. Фæлæ Гæматæ фесты дыууæ дихы. Сæ иутæй рантыст Æндреты мыггаг. Самурæй рацыд Цагъаты мыггаг. Цагъатæй рантыст дыууæ фырты — Нæуæг æмæ Саукуыдз. Нæуæгæн рантыст Хъæлистухъ, Бæбæ, Гена, Бола æмæ дыууæ чызджы. Саукуыдзæн та — фондз фырты æмæ дыууæ чызджы: Налыхъ, Тæкъа, Паци, Мæрзахъул, Гадо, Гуарæ æмæ Данæ.

Цагъатæ ма цардысты Уæхъæцы дæр. Фæлæ уыдон уыдысты æндæр мыггаг. Задæлесчы сын æрвадæлтæ нæ уыд. Таурæгъы куыд баззад, афтæмæй Уæхъæцы иу хæдзары уыд æххуырст, кæцæйдæр æрбафтæг нæлгоймаг. Кæмæй уыд, уый ничи зыдта. Æххуырсæггаг ын йæ хицау балæвар кодта хуымзæххы гæбаз. Астæуæй дзы рæзыд кæркмисындзæг (дыгуронау — цагъана). Уымæ гæсгæ æххуырсты схуыдтой Цагъатæй. Раздæр Задæлесчы кау бийын нæ зыдтой, Самур та зыдта æмæ Задæлесчы цæрджыты дæр сахуыр кодта.

Хосроты æрцыдмæ Дыгургомы хуыскъæл нæ зади. Æмæ иухатт Хосроты Дозæ фæцыд Уæлладжыры коммæ, уырдыгæй рахаста къæссайы дзаг хуыскъæл, байтыдта йæ, æмæ уыйадыл хуыскъæл Дыгургомы сбирæ ис.

Зæгъын ма мæ фæнды, сывæллонæй цы æгъдау федтон, уый тыххæй дæр. Задæлесчы хъæуы астæу уыд стыр Ныхас. Йæ хурварсы ‘рдыгæй æвæрд уыдысты дуртæ бадынмæ, иннæ фарсы та — стыр цыппæрдигъон дур стъолы хуызæн. Цæмæн хъуыд уыцы дур? Хъæуы-иу зиан куы ‘рцыд, уæд-иу æй æрæвæрдтой уыцы тъæпæн дурыл, хъæуы хистæр-иу радзырдта мардæн йæ царды хабæрттæ, арфæ-иу ракодта æрцæуæг адæмæн. Уый фæстæ-иу кæстæртæ систой мард æмæ йæ уæлмæрдтæм ахастой. Хæрнæджы адæм сæхи дардтой уæзданæй, бирæ рæгъытæ нæ кодтой. Ссардтой-иу Стыр Хуыцауы ном, рухсаг загътой, загътой-иу æрцæуæг адæмы тыххæй, сыхбæсты тыххæй æмæ бæркад. Стæй-иу фынгтæй систадысты. Кæстæртæ марды фынгыл нæ бадтысты, мæрдадзы лæууыдысты. Расыг лæг дзы фенæн нæ уыд.

Сылгоймагæн лæвæрдтой стыр æгъдау. Уымæн æрхæсдзынæн ахæм дæнцæг. Ныхасы дуртыл бадынц зæронд лæгтæ. Иу сылгоймаг цыд куыройæ, йæ уæхсчытыл – ссады къæсса, афтæмæй. Ныхасы бадæг нæлгоймæгтæм куыддæр бахæццæ, афтæ æрлæууыд, йæ сæр аивæй æруагъта. Адæм хистæрæй-кæстæрæй систадысты, фæхъус сты. Хистæр раарфæ кодта сылгоймагæн, æмæ уый йæ фæндаг адарддæр кодта.

Ахæм уыдысты нæ фыдæлты рæсугъд æгъдæуттæ. Фæлæ цы фесты абон, цы ныл æрцыд æмæ сæ цæмæн байдыдтам рох кæнын? Сагъæссаг æмæ æрхæндæг хъуыдытæ... Цард у æгъдау. Æгъдауæн та æппарæн нæй. Уый хъуамæ цæуа фæлтæрæй-фæлтæрмæ. Кæстæртæ сæ хистæртæй цауддæр куы уой, уæд уый стыр бæллæх у. Фæлæ фырт фыдæй хуыздæр æмæ сæрæндæр куы уа, уæд цард размæ цæудзæн, æмæ нын фесæфынæй тæссаг нæ уыдзæн. Фыдæлты намыс рæсугъдæй дарддæр хæссын хъуамæ суа нæ адæмы æнæмæлгæ нысан.

Æрмæг мыхуырмæ бацæттæ кодта ДЕДЕГКАТЫ Зæлинæ

Спортивон фидиуæг



Тхэквондо

Авд хæрзиуæджы рамбылдтой

Краснодары крайы станицæ Архипо-Осиновкойы тхэквондойæ æрыгон кары спортсментæн цы Æппæтуæрæсеон турнир арæзт æрцыд, уым æнтыстджын рауад ирыстойнаг тхэквондистты архайд.

Ерысты архайынмæ Уæрæсейы алы рæттæй цы 450 спортсмены æрцыд, уыдон сæ кармæ гæсгæ дихгонд уыдысты цыппар къордыл: 2009-2011, 2012-2014, 2015-2016 æмæ 2017-2018 азты гуырдтыл.

Ирыстоны номæй Æппæтуæрæсеон ерысты архайдтой Рахизфарсы районы тхэквондойы клубы тренер **Ходы Асланы** хъомылгæнинæгтæ æмæ сын бантыст авд хæрзиуæджы рамбулын. Уыдонæй æртæ сты сыгъзæрин, фæйнæ дыууæйы та –æвзист æмæ бронзæ майдантæ.

Æппæты кæстæр кары 2017-2018 азты гуырд чызджыты ерысты 3-аг бынат бацахста æмæ бронзæ майданæй хорзæхджын ссис **Тыджыты Ангелинæ**. Дыккаг бронзæ майдан рамбулæг сси 2009-2011 азты гуырд лæппуты ерысты хæцæг **Бедойты Арсæмæг**.

Ирыстойнæгтæ æвзист хæрзиуджытæ рамбылдтой 2015-2016 æмæ 2009-2011 – азты гуырд лæппуты ерысты. Æппæты кæстæрты 'хсæн 2-аг бынат бацахста **Гуыдиаты Сослан**, 2009-2011 азты гуырд лæппуты ерысты та 2-аг бынатмæ рацыд **Цалиты Зауыр**.

Нæ ацы призон бынæттæ бацахсæг æрыгон тхэквондисттæ сты арфæйы аккаг. Цæмæй ахæм стыр ерысты хæрзиуæгæй хорзæхджын суой, уый тыххæй сæ алкæй дæр бахъуыди цалдæргай ныхмæлæууæгыл фæуæлахиз уæвын.

Уæдæ цы зæгъæн ис, турниры 1-аг бынæттæ чи рамбылдта, уыцы спортсментæй та? Фыццаг бынат бацахсыныл алы уæзы дæр цыдысты хъазуатон тохтæ. Рамбулын хъуыди 4-5 ныхмæлæууæгæй, æмæ уыцы уавæрты иттæг сæрæнæй сæхи равдыстой ирыстойнаг дыууæ лæппуйы æмæ иу чызг.

2009-2011 азты гуырд чызджыты ерысты æнæкъуыхцы рауад **Болиаты Аринæ**. Уый фæуæлахиз йæ цыппар ныхмæлæууæгыл æмæ бацахста 1-аг бынат.

Аринæйы бафæзмыдта, ацы кары лæппутимæ ерыс кæнгæйæ, **Бæройты Артур**. Уый æнæкъуылымпыйæ фæуæлахиз йæ фондз ныхмæлæууæгыл æмæ хорзæхджын ссис сыгъзæрин майданæй.

Афтæ цымыдисаг рауад **Цоциты Давиды** архайд дæр. 2012-2014 азты гуырд лæппуты ерысты Давид фæуæлахиз фондз тохы æмæ уый дæр хорзæхджын ссис сыгъзæрин майданæй.

БАСКАТЫ Уырызмæг

Культурæ

Адæмон сфæлдыстады артдзæст

Нæ рæстæджы сивыр, пирæн, кæнæ тынуафæн музейæ дарддæр никуыуал ис фенæн. Пайда дæр ма дзы стæмтæ кæнынц. Майрæмададжы библиотекæйы сæргъæууæг ДЖЕРИАТЫ Светланæ алы рæттæй цы рагон хæдзары дзаумæттæ сæмбырд кодта, уыдонæй сарæзта чысыл хъæууон музей. Экспонаттæ сты, æнусы размæ кæмæй пайда кодтой, ахæм дзаумæттæ. Библиотекæйы агъуыст зæронд у, музей ис йæ мидæг, у самандурæй амад. Чи зоны, уымæн ахады тынгдæр æрбацæуæджы цæсты.

– Арæх мын фæзæгъынц музеймæ æрбацæуджытæ, ам нын æхцон у, зæгъгæ. Мидæмæ йæм бахизгæйæ, цыма адæймаджы утæхсæн музейы дуары æрбахгæдимæ цыдæр фæвæййы, – ивгъуыд рæстæджы царды æвдисæнтæм кæсгæйæ хъуыдытæ фескъуыдта Светланæйы ныхас. Ног чъыррæйцагъд æмæ ахорæнты тæфæй нырма агъуысты уæлдæф кæронмæ нæма асыгъдæг, хъæдын пъолыл та уыд сырх дарийы хуызæн гауыз тыд.

Музейы экспонаттæ рæнхъæй æвæрд, тавынц æрбацæуæджы зæрдæ, рухс кæнынц уды талынг къуымтæ. Уæртæ уый – Джызæлæй ласт сивыр, йæ фарсмæ – къулыл ауындзгæ фæтæгены цырæгътæ, суанг ма дзы, зынг нывæргæйæ иту кæмæй æвæрдтой, уыцы экспонат дæр ис фенæн:

– Сывæллæттæ йæ доны был сæхи найгæйæ ссардтой, æмæ йæ æрбахастой. Кусын куы райдыдтон, уæд Санаты Полимæ уыд фыдæлтыккон пирæн. Æрима йæ, цы дзы кæныс, пиргæ дзы куы нал кæныс къуымбил, тинтычъи, зæгъгæ, йæ рахастон. Хъæуы цæрджытæй мæм чи къæрæмис хаста, чи – хырх. Адæм куы бамбæрстой, цы мæ фæнды скæнын, уæд сæ хæссын райдыдтой: фыдæлтыккон хæдзары дзаумæтæ, йæ къухы кæмæн цы 'фтыд, æппæт уыдæттæ. Хабæты Тъох, Плиты Лидæ, Хуыдиаты Эльбрус, суанг ма сывæллæттæ дæр. Быгъуылты Хасæхъойы чызг хæцъил дзабыртæ ратта музейæн, цæнгæт дæр ын æрбахастой лæварæн, –зæгъы хæдбындур культурæйы артдзæст саразæг.

Цæст æрхæцыд чысыл хъæдæй конд фæндырыл, йæ бакастмæ гæсгæ йыл, æппынкъаддæр, цæуы æнус. Базыдтам, фæндыр Осмæнты Таисæйы мады мады кæй уыд, цæгъдын дæр ыл афæлвæрдтам, фæлæ уал азмæ цы музыкалон хæйттæй конд у, уыдон йæ мидæг нал бæззынц. Чи зоны, фæндыртæм чи зилы, уыцы дæсны йæм лæмбынæг æркæсгæйæ куы базилид, уæд ын ног цард раттид...

Светланæйы ныхæстæм гæсгæ, ацæргæ адæм уарзынц музеймæ цæуын. Æхцондзинад дзы исынц ам бадгæйæ, кæрæдзийæн сæ зæрдæбын ныхæстæ кæнгæйæ, раздахæн кæмæн нал ис, уыцы рæстæг мысгæйæ:

– Йæ дзабыртæ раласын дæр никæй бауадзын, дон – бирæ. Иу бон та мæм æрыгон лæппу æрбацыд, æмæ мын афтæ, цыма, дам, дзы бирæ адæм ис, афтæ мæм кæсы, –йæ ныхас дарддæр хæццæ кæны сылгоймаг.

Æртын фондз азы кусы библиотекæйы сæргъæууæгæй, уымæй размæ та, бынæттон скъолайы уыд пионерты раздзог. Йæ кусæн бынат куы аивта, уæд, фыццаджыдæр, базылд зæронд бæстыхаймæ, бацалцæг æй кодта. Нæ бацыдмæ æхгæд уыд, ныр сæрды улæфæн бонтæ сты, фæлæ йын куы фехъусын кодтой, «Рæстдзинад»-ы газетæй нæм уацхæссæг æрцæуудзæн, уæд йæ хъуыддæгтæ ныууагъта, æмæ йæ хæрззылд кусæн бынатмæ ратындзыдта.

Хъæууон интеллигенцийы минæвæртты хуымæтæджы нæ хуыдтой æмæ хонынц царды бындур, йæ цæджындз. Уазæг, дам, иу хатт цы фены, алы хатт дæр афтæ у, æнхъæл вæййы. Зæрдæ дарæм, Майрæмададжы цы чысыл культурæйы артдзæсты архайдæн уыдыстæм æвдисæн, уымæн йæ цæхæр кæй никæд бамынæг уыдзæн.

ХУЫБИАТЫ Ларисæ, авторы ист къам

Нæ юбиляртæ

Уæ йæ фæлмæн ныхас...

Æнусты арфæй цæуы иу æцæгдзинад: ахуыргæнæджы куыст хуымæтæг æмæ æнцон хъуыддаг нæу. Æз ма йыл бафтауин — уæлдайдæр –райдиан кълæсты хæрз чысыл сабитæн фыссын æмæ кæсын бацамонын. Хъуамæ алы сывæллоны зæрдæмæ дæр ахуыргæнæг ссара фæндаг, йæ гыццыл рæзгæ зæрдæ йын зона батавын.

ТЕГАТЫ-МАЛИТЫ Земфирæ æмæ БЕДОЙТЫ Феликс

Уыцы дæесны ахуыргæнджытæй-хъомылгæнджытæй иу у Змейкæйы станицæйы абоны сылгоймæгты хистæртæй иу, хæсты сывæллæтты фæлтæры минæвар, Уæрæсейы Советон Федеративон Социалистон Республикæйы скъолайы сгуыхт ахуыргæнæг **Тегаты-Малиты Созырыхъойы чызг Земфирæ**. Æрæджы уый сбæрæг кодта йæ 85 азы кадджын юбилей. Хиуæттæ æмæ сыхæгтæй дарддæр ма Тегаты циндзинады сæмбæлдысты кадджын уазджытæ.

— Мах «Аланты Ныхас»-ы районы хайады уынаффæдоны сæрдар **Къубалты Солтан** æмæ ацы хайады хистæрты уынаффæдоны сæрдар **Хабæты Батмырзæимæ** сæмбæлдыстæм, цæмæй сæххæст кæнæм районы разамынды баргонд хæс, — дзырдта районы ветеранты уынаффæдоны сæрдар **Бедойты Феликс**. — Нæ цыды сæр сæрмагондæй у юбиляры схорзæхджын кæнын районы Кады гæххæттæй. Кировы муниципалон районы сæргълæууæг **Нæкуысаты Барисы** загъдау, Земфирæйы хуызæн хистæртæ сты нæ адæмы кад æмæ намыс. Æхсай азы бакус иу ран, рæзгæ сабитæн зондамонæгæй — уый стыр лæгдзинад у.

Кады гæххæттимæ ма Бедойы-фырт ацæргæ сылгоймагæн, фæлтæрдджын ахуыргæнæг æмæ хъомылгæнæгæн ракодта зæрдылдарæн лæвар.

Бирæ арфæйы ныхæстæ фехъуыста уыцы бон Земфирæ йæ кæстæртæй, сыхæгтæй. Æмæ уый аккаг у, уымæн æмæ йæ цард æххæстæй дæр сывонд кодта змейкæйаг сывæллæтты рухс фæндагмæ ракæнынæн. Йæ куыстмæ хорз кæй арæхст, уымæн ис бирæ æвдисæнтæ. Уæлдæр ской кодтам УСФСР-йы Сæйраг Советы Президиумы уынаффæйы тыххæй. Уæдæ йæ миддунейы æвæрæнтæй æнæвгъау кæй хардз кодта скъоладзаутæн, уый дæр æвдисæн уыдис йæ хæларзæрдæ, адæмы, сæйрагдæр рæзгæ фæлтæр бирæ кæй уарзы, уымæн.

Хуынд адæмæй чидæр йæ фарсмæ бадæгмæ асæст хъæлæсæй дзырдта: «Земфирæ у æппæтæй æххæст сылгоймаг, уæндонæй ахызт царды æппæт зындзинæдты сæрты».

— Мæ зæрдæ зæгъы юбиляræн фидар æнæниздзинад, — загъта Хабæты Батмырзæ. — Йæ бирæ хъомылгæнинæгтæй йæм куыд хъуысой сæ хорзы хабæрттæ. Бузныг, Земфирæ, дæ хорздзинæдтæ сæфт кæй нæ уыдзысты, уый мах уырны.

— Сылгоймаг царды — донгуыræн суадон, фарны хæрзтæ тауæг, рухсдæттæг цырагъ, ног стъалы ссудзæг, — йæ арфæйы ныхас загъта Къубалты Солтан дæр. — Поэты ацы ныхæстæ комкоммæ хауынц Земфирæмæ. Ахæм сылгоймæгтæй нæ фыдæлтæ ард хордтой, зæронд лæгтæ сын-иу сыстадысты Ныхасы badгæйæ. Цæр ма æнæнизæй, дæ кæстæрты цинæй æрыгонæй-æрыгондæр кæн!

Ис Земфирæйæн дыууæ фырты Игорь æмæ Эдуард, уыдонæн сæ бинойнæгтимæ цот — сæ нанайы удлæууæнтæ, бинонты, мыггаджы фидæн. Æмæ сæ рæвдауы сæ нана, æртиссæдз азы станицæйы сывæллæтты куыд фæрæвдыдта, афтæ.

О, рацыд Малионыл астæ. Фæцарæзта фарны хъуыддæгтæ, нæ уадзы ныр дæр цудын фæлтæрты бастдзинад, кады бынаты æвæры хистæрты, кæстæртæн та фæдзæхсы рæсугъд æмæ æгъдауджын, фæллойхъомæй фæллойуарзаг уæвын. Куырыхон нана нæ фæлмæцы фæлмæнтæ дзурынæй. Уый тыххæй йын куывтой арфæгæнджытæ æмхъæлæсæй, цæмæй уæнгрогæй йæ сæдæ азы сæрты акæса.

КЪУБАЛТЫ Аркади

Радон номыр

«Мах дуг» мыхуыр кæны

Мыхуыры рацыд журнал «Мах дуг»-ы ацы азы æвдæм номыр.

Рубрикæ «Æмдугоны хъуыдытæ»-йы мыхуыргонд цæуынц РЦИ-Аланийы Композиторты цæдисы сæрдар Махъоты Ацæмæзы хъуыдытæ – «Сывæллæтты курдиат дидинæгкалæг уæд!»

Поэзиуарзджытæ зæрдиагæй бакæсдзысты Годжыцаты Неллийы æмдзæвгæты цикл «Мæ уарзтамонд – мæ амæндты хуыздæр», Езеты Марклены цыппарræнхъонтæ.

Прозæуарзджыты зæрдæмæ фæцæудзысты Ælборты Беллæйы радзырдтæ «Безанты хид», «Ирвæзынгæнæг», «Сыгъзæрин дæндаг».

Рубрикæ «Фыссæг æмæ хъысмæт»-ы бынмæ ныхас цæуы Плиты Оледжы цард æмæ сфæлдыстадыл. Поэты тыххæй сæ хъуыдытæ зæгъынц Хъодалаты Герсан, Гæбæраты Юри, Плиты Ленæ. Журналы мыхуыргонд æрцыдысты йе 'мдзæвгæтæ.

Уыртаты Аланкæйы новеллæ «Ламинкæ» уырыссаг æвзагæй ратæлмац кодта Гæбæраты Юри.

Зындгонд архитектор Гуыбаты Зауырбеджы цард æмæ куысты тыххæй дзырдæуы «Мах дуг»-ы равдыст»-ы. Уым сты архитекторы сæйраг куыстытæ дæр.

Хуыгаты Сергей дарддæр мыхуыр кæны йæ мысинæгтæ, ныр та Плиты Грисы тыххæй – «Плиты Грис».

Гусалты Барис дарддæр мыхуыр кæны йæ «Дзырд – Хуыцау дугæйдугмæ».

Ис ма журналы æндæр бакæсинæгтæ дæр.

АБАЙТЫ Эдуард

РЕКЛАМÆ, ХЪУСЫНГÆНИНÆГТÆ

Обслуживание колонок и котлов.
Тел.: 8-961-821-90-88.

Металлоизделия:
ворота, двери,
навесы из лексана,
металлоконструкции
любой сложности.
Тел.:
8-928-928-88-24.



Газет "Рæстдзинад"

хицæн адæймæгтæ, куыстуæттæ, кооперативтæ, алыхуызон фирмæтæ, кинотеатртæ, клубтæ æмæ салонтæй асламдæр æргътæй исы алыхуызон хъусынгæнинæгтæ — бæрæгбæттæ, куывдтæ, чындзæхсæвтæ æмæ райгуыræн бонты фæдыл арфæтæ, тæфæрфæстæ, мысæн бонты æрмæджытæ, рекламæ, уыимæ — газеты радон, науæд та хæстæгдæр номыртæм.

КУСГÆ БОНТÆ — къуырисæр, дыццæг, æртыццæг, цыппæрæм, майрæмбон (9 сахатæй 18 сахатмæ).

25-67-03

Услуги электрика
Оказываю услуги электрика
качественно, надежно.
Все виды работ с гарантией.
Выезд и консультация бесплатно.
Тел.: 8-918-702-00-82 (Казбек).

Номыры радхæссæг редактор — **Хæмыцаты Морис.**
Дизайн: 1-аг æмæ 2-аг фæрстæн — **Халиты Изæ;**
3-аг æмæ 4-æм фæрстæн — **Рубайты Нелли.**
Корректортæ: 1-аг фарсæн — **Гаглойты Наташæ;**
2-аг фæрстæн — **Кæлухты Фатимæ;**
3-аг фарсæн — **Рæмонты Алинæ;**
4-æм фарсæн — **Дзоцъиты Тамарæ.**

"Рæстдзинад" цæуы къуыри 5 хатты

Газет уадзы РЦИ-Аланийы Мыхуыр æмæ дзыллон коммуникациты комитет.

Газет регистрацигонд æрцыд Бастдзинады, информацион технологитæ æмæ дзыллон коммуникациты къабазы архайдмæ цæстдарды федералон службæйы РЦИ-Аланийы управленийы 2023 азы 10 октябры (регистрацион номыр ПИ № ТУ 15-00162)

Сæйраг редактор ФИДАРАТЫ Юрий

Сæйраг редакторы исæн уат – 25-96-27.

Сæйраг редакторы хæдивæг: **Бутаты Эльзæ – 25-63-19.** Бæрнон нымæрдар: **Гапбаты Алетæ – 25-91-89.** Сæрмагонд фæрсты редактор: **Сланты Аслан – 25-94-37.** Шеф-редактортæ: **Касаты Батрадз – 25-93-74, Абайты Эдуард – 25-99-33.** Рауагъды редактор: **Гæззаты Фатимæ – 25-96-16.** Сæйраг бухгалтер: **Дойаты Ленæ – 25-94-19.** Уацхæсджытæ: **Саутæты Тамилæ, Татьяна Шеходанова** (къамисæг) – **25-96-31, Баскаты Уырызмæг – 25-91-88, Гугкаты Жаннæ – 25-96-50, Дедегкаты Зæлинæ – 25-94-57, Хъойбайты Галинæ – 25-90-54, Хæмыцаты Морис – 25-93-68, Хуыбиаты Ларисæ – 25-96-31.** Сайты редактор: **Хозиты Дзерассæ – 25-90-54.** Рекламæйы хайады сæргъæууæг: **Бызыккаты Земфирæ – 25-67-03.** Корректортæ – **25-93-36,** компьютерон цех – **25-93-97.**

➢ Нæ газетæй ист æрмæгæй æндæр мыхуырон раугъды пайдагонд куы цæуа, уæд хъуамæ, æнæмæнг, бæрæггонд уа, "Рæстдзинад"-æй йæ кæй систой, уый.
➢ Фыстæджытæ, къухфыстытæ, къамтæ æмæ нывтæн рецензи нæ дæттæм, стæй сæ автортæм дæр фæстæмæ не 'рвитæм.
➢ Газеты цы æрмæджытæ рацæуа, уыдоныл бæрндзинад хæссынц сæ автортæ.
➢ Рекламæ æмæ хъусынгæнинæгты тыххæй "Рæстдзинад"-ы редакци йæхимæ бæрндзинад нæ исы.

Редакци, рауагъдад æмæ типографийы адрис: 362015, РЦИ-Алани, г. Дзæуджыхъæу, Къостайы проспект, 11. Мыхуыргонд цæуы акционерон æхсæнад "Ирыстон-полиграфсервис"-ы

Офсетон мыхуыр 1.88 мыхуырон сыфы. Газет цæуы къуыри фондз хатты. Индекс 53901. Тираж 2381. Заказ № 813. Мыхуырмæ хъуамæ фыст æрцæуа – 18.00. Мыхуырмæ фыст æрцыд – 18.00.

Email: rastdzinad@mail.ru
Сайт: www.rastdzinad.ru